# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि भारत अब तकनीक क खाली उपभोक्ते नाहीं हौ बलुक ई प्रौद्योगिकी परिवर्तन क नेता बनि चुकल बा। ई बाति श्री मोदी आजु नई दिल्ली के भारत मण्डपम में उभरत विज्ञान आ प्रौद्योगिकी नवाचार सम्मेलन दुइ हजार पचीस क उद्घाटन करत कहलें। प्रधानमंत्री कहलें कि दुनिया क सबसे बेसी सफल डिजिटल सार्वजनिक बुनियादी ढांचा के देस में तइयार कइल गइल हौ।

**कोविड के दौरान हमने दुनिया का सबसे बड़ा वैक्सिनेशन प्रोग्राम चलाया। इतने मैमथ स्केल पर पॉलिसी इज अ प्रोग्रेस को सक्सेसफुली इम्प्लीमेंट करना, ये कैसे पॉसीबल होता है, ये पॉसीबल हुआ, क्योंकि आज दुनिया का सबसे पहला और सबसे सफल डिजिटल पब्लिक इन्फ्रास्ट्रक्चर अगर किसी के पास है, तो देश का नाम है हिन्दुस्तान।**

प्रधानमंत्री कहलें कि सरकार देस में नवाचार क आधुनिक तंत्र बनावे बदे अनुसंधान के सुगम बनवले पर धियान दे रहलि हौ।

**हमने रीसर्च डेवलपमेंट इनोवेशन स्किम भी शुरू की है और इसके लिए एक लाख करोड़ रुपए की राशि तय की गई है। हमारा प्रयास है कि प्राइवेट सेक्टर में भी रीसर्च एंड डेवलपमेंट को बढ़ावा मिले। पहली बार हाई रिस्क और हाई इम्पेक्ट प्रोजेक्ट के लिए कैपिटल भी उपलब्ध कराई जा रही है।**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में रीसर्च डेवलपमेंट इनोवेसन स्कीम क स्वागत कइले हवें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपने संसदीय क्षेत्र बनारस से सात नवम्बर के तीनि गो वंदे भारत ट्रेनन क उद्घाटन करिहें। उहां के बनारस से खजुराहो जाये वाली वंदे भारत ट्रेन के हरियर झंडी देखाइबि। सथहीं फिरोजपुर से दिल्ली आ लखनऊ से सहारनपुर के बिच्चे चली वाले दुइ गो अउरियो वंदे भारत ट्रेनन क वर्चुअल जरिया से उद्घाटन करबि। येह बिच्चे रेलवे लखनऊ से सहारनपुर आ बनारस से खजुराहो के बिच्चे सात नवम्बर से सुरू हो रहल वंदे भारत ट्रेन सेवा क पुरहर कार्यक्रम जारी कइ दिहलस। एगो रिपोर्ट–

**लखनऊ–सहारनपुर के बीच चलने वाली वंदे भारत एक्सप्रेस के जरिये सीतापुर भी जुड़ेगा, जिससे नैमिषधाम जाने वाले श्रद्धालुओं को खासी सुविधा होगी। यह नई ट्रेन सोमवार को छोड़कर हफ्ते में छह दिन सुबह पांच बजे लखनऊ जंक्शन से रवाना होगी। इसी तरह वाराणसी से वंदे भारत एक्सप्रेस ट्रेन सुबह पांच बज कर 25 मिनट पर छूटेगी और विन्ध्याचल, छिवकी चित्रकूट धाम, बांदा और महोबा होते हुए खजुराहो दोपहर एक बजकर 10 मिनट पर पहुंचेगी। लखनऊ से मुमताज अली की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से विवेक सिंह।**

**********

सर्वोच्च न्यायालय सात नवम्बर के आवारा कुत्तन के मामिला में फैसिला सुनाई। तीनि गो न्यायाधीस न्यायमूर्ति विक्रम नाथ, संदीप मेहता अउर एन.वी.अंजारिया क बिसेस खण्डपीठि कहले हवे कि जियादेतर राज्यन आ केन्द्र सासित प्रदेसन क मुख्य सचिव पीठि के सामने उपस्थित भइलें।

**********

जीएसटी बचत उत्सव के तहत लागू कइल गइल संसोधित जीएसटी दरन से देस भर के कई गो क्षेत्रन में लोगिन के फायदा हो रहल बा। नरेन्द्र मोदी सरकार एके बाइस सितम्बर के सुरू कइले रहे। एगो रिपोर्ट–

**किसानन के ढेरि राहत देवे बदे सरकार नया जीएसटी सुधारन में कृषि क्षेत्र खातिर टैक्स में खास कटउती कइले हौ। अठारह सौ सीसी से कम क्षमता वाला ट्रैक्टरन पर जीएसटी क दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। ट्रैक्टरन पर जीएसटी में कमी से ओकरे खरीदि दाम में कमी आइल हौ, जेहसे छोटहन अउर मझोला किसानन बदे ट्रैक्टर ढेरे किफाइती हो गइल बा। जैव कीटनासक, सूक्ष्म पोषक तत्व, ड्रिप सिंचाई प्रणाली आ स्प्रिंकलर के सथहीं खेती में अउरियो इस्तेमाल होखे वाला कृषि मसीनिन पर जीएसटी क दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। ई टेक्स कटउती कृषि में मसीनीकरण के बढावा दी आ सारीरिक मेहनति के भी कम करी। आकाशवाणी दिल्ली से ईशानी आ आदर्श के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

गौतम बुद्ध क पहिला उपदेस वाला जगहि सारनाथ में आजु से तीनि दिन ले उनकर अस्थि–अवशेष दरसन बदे रक्खल गइल हौ। हमरे बनारस प्रतिनिधि बतवलें कि हर सालि येह अस्थि अवशेष के दरसन खातिर देस–विदेस से लाखों सरधालु सारनाथ पहुंचे लें। ओइजा क मूलगंध कूटी विहार के मंदिर में दरसन करे आ रहल सरधालुअन के सुविधा आ सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल गइल बा।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी इलाकन में आजु अउर बिहने कहीं–कहीं हल्लुक से ले के मध्यम कुहेसा क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के हिसाबि से आवे वाला नौ नवम्बर ले प्रदेस भर में मौसम सुस्क रही।

**********